



Pou Piblikasyon Imedya: 03/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO SANT RESOUS SOU ENTÈNÈT POU
EKSPANSYON KONTINYÈL NAN ENFRASIKTI VEYIKIL ELEKTRIK NEW YORK
LA**

***Nouvo sitwèb montre kijan yo ka itilize pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik
Nasyonal la nan tout Eta New York***

***Sondaj sou sit wèb la pral ede Depatman Transpò Eta a devlope Plan Enfrastrikti
Veyikil Elektrik Nasyonal New York la***

***Finansman pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal la sipòte rechaj rapid
ansanm ak koridò yo deziyen pou kabiran altènatif pou EV yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman sit entènèt Pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal (National Electric Vehicle Infrastructure) New York la. Sitwèb ki fèk lanse a bay plis enfòmasyon sou pwogram finansman Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal la, epi li gen ladan l yon sondaj kout pou kolekte kòmantè itilizatè yo pou ede Eta a nan devlopman Plan Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal li a ki pral avanse ajanda klima New York la k ap mennen nan nasyon an. Sitwèb la pèmèt vizitè yo enskri tou pou resevwa alèt pandan plis enfòmasyon sou devlopman Pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal la ap vin disponib. Pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal la bay eta finansman devwe pou sipòte deplwaman estratejik enfrastrikti Rechaj Rapid ki bay Kouran Kontini (Direct Current Fast Charger, DCFC) Nivo 3 pou veyikil elektrik epi etabli yon rezo entèkonekte pou rechaj ki fyab.

"Nou pa kapab sifizaman redwi anprent kabòn nou an sof si nou kontinye agrandi enfrastrikti veyikil elektrik nou an, men gras ak efò Prezidan Biden, Senatè Schumer, Senatè Gillibrand ak Delegasyon Kongrè nou an, ki te goumen pou kreyasyon Pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal la, nou gen resous adisyonèl pou ede nou atenn objektif klimatik nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Elaji kapasite veyikil elektrik nou yo se yon pati kle nan efò kontinyèl administrasyon mwen an ap fè pou redwi enpak chanjman klimatik la atravè Eta New York. Nouvo zouti sou entènèt sa a pral non sèlman ede edike piblik la sou avni rechaj veyikil elektrik, men li pral ba nou done adisyonèl pou planifye pwochen faz devlopman rezo rechaj elektrik transpò New York la."

Plan Nasyonal Enfrastrikti Veyikil Elektrik New York la pral devlope pa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) an kolaborasyon ak Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la. NYSDOT pral anonse yon reyinyon piblik sou devlopman Plan Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal New York la. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Yon plan estratejik pou devlopman kontinyèl nan enfrastrikti EV enpòtan anpil pou reyalize yon sistèm transpò ki fyab epi ki bon pou anviwònman an atravè Eta New York. Pwogram Nasyonal Enfrastrikti Veyikil Elektrik la ban nou yon gwo kad pou kolekte done ke nou ka itilize pou enfòmasyon ki kote nou bezwen ogmante kantite estasyon rechaj rapid sou wout nou yo, pou nou ka kontinye investi nan rediksyon GHG ak bati wout nou nan direksyon yon ekonomi ki pi vèt."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Nouyòkè yo atravè Eta a ka jwe yon wòl enpòtan nan bay opinyon sou kote chajè EV yo ta dwe lokalize pandan n ap kontinye konstwi enfrastrikti ki fè li pi fasil pou plis veyikil pwòp sikile sou wout yo nan kominote nou yo. Nouvo resous sa a pral fasilite sikilasyon enfòmasyon an epi bay done enpòtan pou pwogram Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal nou an pou asire nou kontinye diminye emisyon ak tranzisyon nan yon avni ki pi an sante, ki fèb an kabòn epi ki pwòp an enèji."

Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal se yon sous fon federal ki fèk kreye nan kad Lwa sou Investisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) Federal la ki te vin lwa nan novanm 2021. Premye anfas sou pwogram nan se sou mete disponib piblikman aksesib Rechaj Rapid ki bay Kouran Kontini pou VE pasaje yo nan entèval ki pa plis pase 80 km ant 1 km vwayaj nan koridò yo deziyen yo, ak yon anfas sou kote ki toupre sòti otowout Entè-eta yo.

New York prevwa resevwa 175 milyon dola sou 5 ane. Anvan yo ka depanse finansman, Depatman Transpò Eta New York dwe soumèt yon Plan Deplwaman Enfrastrikti Veyikil Elektrik Nasyonal ki dekri kijan yo pral itilize finansman an nan Biwo Enèji ak Transpò Konjwen an anvan 1e out.

Nan debi 2022 a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) plis pase 12 milyon dola te ajoute nan pwogram Rabè pou Kondui Pwòp la pou ede konsomatè yo ekonomize jiska 2,000 dola nan acha yon veyikil elektrik ak 2.7 milyon dola ki te bay ak gouvènman lokal yo pou achte veyikil elektrik ak enstale estasyon rechaj/ravitayman pou piblik la itilize pou lite kont chanjman klimatik ak konstwi kominote ki pi an sante. Ansanm, pwogram rabè pou konsomatè a ak sibvansyon yo bay yo ak 49 pwojè kominotè yo bay yon total 14.7 milyon dola pou fè avanse efò Eta a yo pou atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) odasye New York la pou redui emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418